

**Sistèm Jidisyè New Jersey**  
New Jersey Judiciary

**Enfòmasyon pou Lokatè Rezidansyèl**  
Information for Residential Tenants – Haitian Creole



**Tribinal Siperyè nan New Jersey  
Divizyon Dwa  
Seksyon Sivil Espesyal  
Seksyon Pwopriyetè/Lokatè**

Superior Court of New Jersey  
Law Division  
Special Civil Part  
Landlord Tenant Section

## Antesedan

Nan New Jersey yo pakab deloje w san yon jijman (desizyon tribunal la) emèt pa Tribunal Siperyè New Jersey a. Ou gendwa pou prezante nan tribunal pou defann tèt ou kont delojman a nan seksyon pwopriyete/lokatè tribunal Siperyè New Jersey a, Seksyon Espesyal Sivil la.

Ti depliyan sa a ap ba w enfòmasyon jeneral konsènan tout dwa w yo antan ke lokatè ak kijan yon pwoesisis pou delojman kab fèt. Depliyan an pa la pou ranplase konsèy legal ni li pa la pou reponn tout kesyon ou ta ka genyen konsènan sitiyasyon ou. Tout sitiyasyon ki gen pou wè ak delojman komèsyal, lokasyon pa tèm oswa lokasyon kote pwopriyetè a abite sou pwopriyete a ak kote ki gen youn oswa de pwopriyete pou lwe, ta kab tonbe anba lòt lwa adisyonèl.

Si w ap chache jwenn konsèy legal, ou fèt pou kontakte yon avoka. Si ou pa gen yon avoka, asosyasyon bawo konte kote ou rete a (county bar association) kab ede w jwenn youn. Si ou pa gen mwayen pou peye yon avoka, ou gendwa kontakte Sèvis Legal New Jersey (<https://www.lsnj.org/LegalServicesOffices.aspx>). pou wè si ou kalifye pou sèvis legal gratis yo. Enfòmasyon konsènan tout resous legal yo disponib an liy tou nan [njcourts.gov](#).

Anplwaye tribunal yo kab ba w lis tout ajans ki ta kab ede w ak lwave, abri tanporè oswa sèvis legal. Enfòmasyon konsènan tout pwogram èd ak lwave (ki gen ladann yo tout pwogram ki gen pou wè ak pandemi Covid-19 la) disponib an liy nan <https://www.nj.gov/dca/divisions/dhcr/> or [njcourts.gov](#).

Yon lokatè oswa pwopriyetè ki se yon kòporasyon oswa yon patnarya ak responsabilite limite fèt pou reprezante pa yon avoka New Jersey nan tout koze ki depoze nan seksyon pwopriyetè/lokatè a.

## Rezon pouki yon Pwopriyetè ta ka Deloje w

Sa ki swiv la a se yon lis kèk rezon pouki yon pwopriyetè ta ka mande pou yo deloje w:

- Ou pa peye lwave w.
- Ou peye lwave w an retà souvan.
- Ou gen move konpòtman.
- Ou detwi oswa koze dega nan pwopriyete a.
- Ou an kontravansyon ak tout tèm kontra lokasyon a oswa lòt dokiman.
- Yo kondane w de yon zak ki gen rapò ak dwòg.

**Remak:** Pou tout rezon ki mansyone anlè yo, eksepte pou lwave ki pa peye, pwopriyetè a fèt pou ba w avi alekri kote li mande w pou sispann sa w ap fè a anvan li prezante yon demann pou delojman. Tout kopi avi yo kote li mande w pou sispann oswa pou remedye konpòtman a *fèt pou akonpaye plent delojman a ke pwopriyetè depoze nan tribunal la.*

Si pwopriyetè w ap asiyen ou sèlman paske ou pa peye lwave w, yo pap kab deloje w si w peye

tout lajan w dwe a anvan jou ouvrab la fini jou pwose a oubyen nan twa jou ouvrab aprè yo finn deloje w, plis nenpòt ki frè tribunal ke pwopriyetè a te depanse.

Si w peye jou pwose a, ou **fèt pou** peye ak lajan kontan, chèk sètifye oswa chèk postal (money order) a lòd de *Treasurer, State of New Jersey* sèlman. Tribunal la paka aksepte chèk pèsonèl. Pwopriyetè a pa oblige aksepte chèk pèsonèl, yo pa kab oblige w peye ak depo dirèk oswa fon elektwonik. Pwopriyetè a fèt pou li ba w yon resi pou nenpòt ki peyman lwaye ki fèt ak lajan kontan epi tou, li fèt pou kolabore ak òganizasyon byenfezans yo oswa pwogram sibvansyon lwaye ki angaje pou peye lwaye lokatè a.

## **Antant Anvan jou Pwose a**

Si w ansanm ak pwopriyetè a nou rive a yon antant (aranjman) *anvan dat pwose a*, ou fèt pou prezante kanmèm nan tribunal pou jij la revize ak apwouve antant la. Ou fèt pou prezante ak yon **Kopi Orijinal** siyen antant la.

## **Konferans sou Jesyon Dosye a**

Yap pwograme yon konferans sou jesyon dosye w a. Ou oblige asiste konferans la. Pifò konferans yo ap fèt vityèl, kidonk, ou pap oblige prezante an pèsòn nan tribunal la. Pandan konferans la w ap reyini ansanm ak anplwaye tribunal la kap ranmase enfòmasyon ou ak ba w enfòmasyon sou èd ak lojman, kesyon legal ak itilite piblik yo oswa nenpòt ki lòt enfòmasyon ki ta gen rapò ak sijè sa yo. Yap ba w tou opòtinite pou eseye fè yon antant sou dosye a san ou pa bezwen ale nan jijman. W ap resevwa yon avi de tribunal la de konferans pwograme ak plis enfòmasyon detaye. *Si w pa prezante nan konferans la, sa pral lakòz plent la anile si w se pwopriyetè, oswa yon jijman pa defo si w se lokatè a. Si w pa ka prezante, ou sipoze kontakte tribal la davans pou repwograme.*

## **Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka Lokatè a (Tenant Case Information Statement (TCIS))**

Tout Lokatè yo fèt pou ranpli yon Deklarasyon Enfòmasyon sou ka a epi depoze 1 nan tribunal la omwen 5 jou anvan Konferans sou Jesyon Dosye a. W ka jwenn TCIS nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov). Enfòmasyon ki parèt sou Deklarasyon Enfòmasyon sou ka a pa admisib antan ke prèv.

## **Preparasyon pou Pwose**

Antan ke lokatè, ou fèt pou prezante nan tribunal pou ka defann tèt ou de tout reklamasyon pwopriyetè a gen kont ou. Ou pa gendwa soumet yon deklarasyon alekri. Nenpòt ki temwen ou ta genyen fèt pou prezante nan tribunal ansanm avek ou; tribunal la pap aksepte yon respons alekri siyen pa temwen a. Si w ap prezante nan tribunal san avoka, w ap oblige entewoje temwen ou a. Se yon bon lide pou prepare tout kesyon ou pral poze temwen ou an anvans. Ou dwe kontakte tribal la pou fè aranjman pou soumet prèv nan ka w a.

Pare pou prezante tout dosye w yo ka va ede w pwouve ka w nan tribunal la, sèten dosye ta kab enkli:

- Tout resi lwaye yo, chèk ki touche deja, chèk postal (money order).

- Kopi kontra lokasyon, orijinal la ta pi bon toujou.
- Lèt yo ak avi yo ki dirije bay pwopriyetè a oswa ki vinni de li menm.
- Tout foto yo.
- Tout lòt dokiman ou kwè ta ka ede w defann ka yo leve kont ou an.

**Remak:** Si w te sere tout foto w yo oswa lòt prèv nan telefòn ou, ou fèt pou enprime yo.

Si w pa peye lwave w paske pwopriyetè a pat fè tout reparasyon yo oswa li pat fè antretyen yo, ou fèt pou pwouve ba tribunal la ke pwoblèm yo se pwoblèm grav yo ye epi tou, yo afekte kapasite w pou viv nan rezidans la.

**Enpòtan:** Nan tout ka yo, ou fèt pou prezante nan tribunal ak tout lajan pwopriyetè a di w dwe li menm si w pata dakò ak pwopriyetè a. Si tribunal la ta detèmine ke daprè lalwa ou dwe lajan a, rezon pou ki ou pat peye a pa gen okenn enpòtans. Malerezman, yon maladi, pèdi travay oswa depans medikal ke w pat prevwa pa rezon legal pou sispann peye lwave w. Si yo ta detèmine ke w dwe lajan a epi pwopriyetè a pa vle fè okenn aranjman pou peye pa mòso, w ap oblige peye tout montan a nèt anvan fèmti jou ouvrab dat ou al nan tribunal la oswa tribunal la takab emèt yon jijman pou deloje w. Yon jijman pou posesyon vle di ke pwopriyetè a gaye ka a kont ou, epi li kab deloje w de pwopriyete a. Se premye pa vè yon delojman.

**Ou fèt pou peye ak lajan kontan, chèk sètifye oswa chèk postal (money order) a lòd de Treasurer, State of New Jersey sèlman.**

## Jou Pwosè a

Ni pwopriyetè ni lokatè fèt pou prezante nan tribunal a lè ak dat ki parèt sou manda a. Prezante ak tout evidans ak temwen wap bezwen yo pou defann tèt ou. Ya va anonse lis tout ka yo odebî seyans tribunal la. Ou fèt pou reponn prezan lè yo site non ou.

1. SI W PA PREZANTE NAN TRIBINAL (*Jijman pa defo*) - yap emèt yon jijman pa defo an favè Pwopriyetè a. Desizyon sa a ta kab koze yo deloje w.
2. SI PWOPRIYETÈ A PA PREZANTE NAN TRIBINAL (*anilasyon*) - ka a va anile.
3. SI NOU TOUDE PREZANTE NAN TRIBINAL
  - Yo ta kab mande w ansanm ak pwopriyetè al chita ak yon medyatè pou eseye rezoud ka a. W ap oblige ranpli tout fòm apwopriye yo ke jij la fèt pou revize ak apwouve anvan tribunal la ka aksepte antant la.
  - Si w pa rive fè yon antant, jij la va tandem ka w an. Jij la swa va akòde oubyen refize jijman pou delojman a. Yon jijman pou delojman vle di ke Pwopriyetè a gaye ka kont ou epi li kab fè yo deloje w de pwopriyete a. Se premye pa vè yon delojman.

## Jijman pou Posesyon epi Manda Delojman

Si yo ta anrejistre yon jijman pou posesyon, pwopriyetè kap pran mezi pou deloje w. Si w pa demenaje rezidans la, yon Ofisyen Inite Sivil Espesyal, pa pwopriyetè a, va sèvi w ak yon manda

pou deloje. Se yon manda ofisyèl de tribunal ki di se pou deloje pwopriyete a. Lè yo sèvi manda delojman, ou fèt pou demenaje kay la nan *de jou ouvrabb*. Si w pa demenaje, Pwopriyetè a kab mande Ofisyè Inte Sivil Espesyal la pou deloje w.

## Aprè Jijman Delojman

Gen kèk bagay ou ta ka toujou fè aprè w finn prezante nan dat fikse pou tribunal la ki ta kab chanje rezulta yo; mèzalò, w fèt pou notifye pwopriyetè a si w ta deside pouswiv nenpòt nan aksyon ki swiv yo nan tribunal:

- Ou ka peye Pwopriyetè a tout lwaye w dwe a ak nenpòt ki frè tribunal ki aplike nan twa jou ouvrab apati de dat delojman a; Pwopriyetè a fèt pou li founi Tribunal la swa yon avi oubyen yon lèt pou mande anile ka a san rezèv nan *de jou ouvrab*. Si Pwopriyetè a te arefize aksepte peyman ou, oubyen li pa ta voye lèt oswa avi a ba tribunal la, ou gendwa prezante yon petisyon (yon demann alekri) pou mande tribunal la anile ka a san rezèv.
- Ou kab mande yon Order for Orderly Removal (lòd pou Delojman yon fason Òdone), yon lòd tribunal ki ta akòde w plis tan pou demenaje; nòmalman pa plis de sèt jou konte sou kalandriye a.
- Si w gen tout lajan a pou peye men li depase twa jou ouvrab APRÈ delojman a; ou kab mande pou yo akòde w yon ranvwa delojman a akòz de difikilte pou jiska si mwa. Ou pap kab aplike pou ranvwa sa a amwens ke w peye tout lajan ou dwe pwopriyetè a, ak tout lòt fre yo. Si w peye tout lajan ou dwe a epi yo akòde w ranvwa tanporè a akòz de difikilte, ou fèt pou konfòme w ak kontra lokasyon orijinal la epi peye tout lwaye w pandan sejou w.
- Ou gendwa aplike pou tribunal la anile (anile) jijman delojman a. Rekèt sa a pa akòde souvan epi li mande sikonsans legal ekspesyonèl.

Kontakte Biwo Pati Sivil Espesyal (Office of the Special Civil Part) a pi vit posib pou aplike pou nenpòt ki sitiyasyon ki make anlè a.

## Enplimantasyon Antant

Si w panse ke pwopriyetè a pap swiv oswa konfòmel ak antant ou siyen nan tribunal la, ou fèt pou ekri ak soumèt yon sètifikasyon ba tribunal la. Sètifikasyon an pou fèt an angle. Yon sètifikasyon se yon deklarasyon, alekri ak siyen pa w, ki eksplike pouki w kwè pwopriyetè a vyoile antant la. **Alafen deklarasyon ou an, ou fèt pou enkli paragrapf swivan a:**

*“I certify that the foregoing statements made by me are true. I am aware that if any of the foregoing statements made by me are willfully false, I am subject to punishment.”* Asire w ke w siyen ak mete dat sou dokiman an nan fen deklarasyon a.

Ou fèt pou swa voyel pa lapòs oubyen depoze sètifikasyon tou siyen a nan tribunal la epi voye yon kopi swa pa lapòs nòmal ba avoka a olye de pwopriyetè a. Ou gendwa soumèt yon setifikasyon ba tribunal atravè Soumèt Dokiman Elektwonik Jidisye (JEDS), ki ka jwenn sou [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## Depo Sekirite Rezidansyèl

Nan New Jersey, yon pwopriyetè kab touche jiska 1 ½ mwa lwaye kom depo sekirite. Pwopriyetè a egzije depo sekirite pou peye pou nenpòt ki dega ki ta fèt nan kay la oswa pou kouvri lwaye ki pa peye aprè w fin demenaje. Pwopriyetè a fèt pou depoze depo sekirite a nan yon kont ak enterè nan yon delè de 30 jou apati di moman li resevwa lajan a nan men ou.

Pwopriyetè a fèt pou notifye w alekri nan yon delè de 30 jou apati di moman li resevwa depo a, epi pou l founi w ak enfòmasyon swivan sa yo:

1. Non ak adrès labank kote lajan a depose.
2. Montan depo a.
3. Tip kont labank la.
4. Enterè aktyèl kont la.

Pwopriyetè a fèt pou voye yon eta de kont ki a jou ak menm enfòmasyon a *chak ane*, oswa nan yon delè de 30 jou si:

- li mete depo sekirite a nan yon lòt bank, oswa
- si bank la ta fizyone ak yon lòt bank, oubyen, oswa
- yo ta vann pwopriyete ki nan lokasyon a.

Pwopriyetè a ta fèt pou swa peye w montan enterè anyèl la kash, oubyen dedwi montan enterè anyèl la sou lwaye a.

Pwopriyetè a pa gendwa dedwi okenn lajan de depo sekirite toutotan ou pa demenaje de kay la. Si pwopriyetè a ta vle sèvi ak depo sekirite a pou peye pou dega oswa pou lwaye ou dwe, li fèt pou notifye w alekri nan yon delè de 30 jou aprè w fin demenaje de kay la. Se responsabilite w pou founi pwopriyetè ak nouvo adrès ou pou pwopriyetè a ka kontakte w osijè de depo sekirite a. Si w dwe plis lajan ke montan depo sekirite a, epi/oswa ou koze dega nan pwopriyete a ki ta depase izaj nòmal, pwopriyetè a gendwa asiyen ou pou tout rès montan adisyonèl ou dwe a. Si w panse ke pwopriyetè a pa obeyi egzijans depo sekirite a daprè lalwa, ou kab asiyen pwopriyete a nan yon plent apà pou tout domaj ou sibi yo.

## Delojman Ilegal oswa Kadnase aksè a pwopriyete a

Yon pwopriyetè pa gendwa deloje yon lokatè oswa retire efè pèsonèl ou yo de pwopriyete lap lwe a san li pa genyen yon jijman pou posesyon ak yon manda pou deloje lokatè a nan men tribinal la. Sel yon Ofisyè Seksyon Espesyal Sivil la kab deloje yon moun pou yon pwopriyetè. *Li illegal pou yon pwopriyetè deloje w epi chanje kadna, poze sele pòt yo oswa fèmen gaz, dlo oswa elektrisite.* Yon pwopriyetè pakab pran posesyon ni efè pèsonèl ou yo ni mèb ou yo pou fòse w peye lwaye. Si yo bloke aksè w a kay la, ou gendwa prezante yon plent nan tribinal la. (Ale nan CN 10916 - [How to Apply for the Return of Your Personal Property or to Return to Your Rental Premises](#) (Kijan pou Aplike pou yo Remèt ou efè pèsonèl ou yo oswa kijan pou tounnen nan Lojman ou Lwe a - nan lang angle.) Nan plent ou an, ou kab mande pou yo pèmèt

ou rantre nan kay la, epi tou, ou kab mande pou yo peye w dedomajman. Tout fòm sa yo disponib nan Biwo Pati Sivil Espesyal a oswa nan [njcourts.gov](#).

## **Kijan pou Rekipere Frè Legal (si ta gen okenn) oswa Kredi pou Lwaye**

Si w siyen yon kontra lokasyon *swa le 1 ye fevriye 2014* ou aprè ki di ke w antan ke lokatè, ou ta kab responsab frè legal pwopriyetè a oswa tout depans oubyen frè ki takab rekipere antan ke lwaye adisyonèl, ou gen menm dwa a tou pou pwopriyetè a ranbouse w pou tout frè legal oswa depans si w ta gen siksè nan defans ou. Mèzalò, si w ap evite yo deloje w epi w peye tout lwaye ou dwe epi ou pat gen rezon valab pouki ou pat peye lwaye a lè ou te fèt pou peye li, lè sa a ou pap kab mande okenn ranbousman ni depans ou yo ni frè avoka yo.

Se Divizyon Pratik Sivil  
Sistèm Jidisyè New Jersey a  
ki pibliye bwochi sa a

Stuart Rabner  
Dwayen Tribunal la  
Chief Justice

Glenn A. Grant  
Direktè Administratif Tribunal yo  
Administrative Director of the Courts

Jennifer M. Perez  
Direktè, Biwo Tribunal Premye Enstans yo  
Director, Office of Trial Court Services

Taironda E. Phoenix  
Direktè Adjwen, Pratik Sivil la  
Assistant Director, Civil Practice

njcourts.gov

Mizajou 06/2023

10288-Haitian Creole